

BAB III

METODELOGI PANALUNGTIKAN

3.1 Desain Panalungtikan


Ieu panalungtikan ngagunakeun pamarekan psikologi sastra. Udagan milih pamarekan psikologi sastra, sabab karya sastra ngarekam gejala psikologi anu aya dina tiap tokoh jeung bisa diungkapkeun kalayan ngagunakeun tiori psikologi. Dunya fiksi nya éta bayangan dunya realita, nepi ka bisa dianalisis kapribadan jeung paripolah tokoh kalayan ngagunakeun tiori psikologi.

Anu dideskripsikeun dina ieu panalungtikan nya éta ngeunaan psikologi kapribadian tokoh (psikoanalisis) dina novel *Prasasti nu Ngancik na Ati* karya Popon Saadah. Dina pedaran ieu téh fakta-fakta nu dijieun tafsiran didéskripsikeun, pikeun ngalengkepan jeung nafsirkeun deui eusi téks novel.

Ieu panalungtikan ngagunakeun metode deskriptif kalayan pamarekan kualitatif. Nurutkeun Whintney dina Muda'im (2013, kc. 41), metode deskriptif téh nya éta maluruh fakta kalayan interpretasi anu keuna. Tujuan tina ieu metode nya éta pikeun nyieun deskripsi sacara teleb jeung ngéntép seureuh. Métode déskriptif mangrupa hiji prosedur dina ngaréngsékeun masalah kalayan ngadéskripsikeun kapribadian tokoh dina novel *Prasasti nu Ngancik na Ati* karya Popon Saadah. Sub variabel ieu panalungtikan nya éta struktural nu ngawengku téma, fakta carita (polot, latar, tokoh, jeung penokohan), sarta kapribadian tokoh dumasar pamarekan psikoanalisis.

Sangkan gampang dina ngawilah-wilah data, ayana desain panalungtikan diperlukeun pisan pikeun gambaran panalungtikan nu baris dilaksanakeun. Desain ieu panalungtikan diébréhkeun dina bagan ieu di handap.

3.1 Bagan Desain Panalungtikan



(Mudaim, 2013, kc.40)

3.2 Data Jeung Sumber Data

Sumber data nya éta asal atawa sumber data. Sumber data dina panalungtikan téh bisa mangrupa sumber pustaka, saperti dokumén buku atawa sumber tinulis séjénna (Arikunto, 2010, kc.170).

Sumber data nu dipaké dina ieu panalungtikan nya éta novel *Prasasti nu Ngancik na Ati* karangan Popon Saadah, 113 kaca, nu dipedalkeun ku Green Smart Book Publishing, taun 2013. Tina éta sumber data ditangtukeun sakabéh téks anu ngarojong déskripsina.

3.3 Ngumpulkeun Data

3.3.1 Instrumen Panalungtikan

Instrumén anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta *slip data*. Tujuan ngagunakeun slip data nya éta sangkan data anu kapanggih tina téks nu salaku sumber data, leuwih gampang diwilah-wilahna.

Tabél 3.1.
Conto Slip Data

Téma	Latar
1. No	1. No
2. Cutatan Carita	2. Jenis latar
3. Kaca	3. Cutatan carita
	4. Kaca
Tokoh & penokohan	Konsép émosi
1. No	1. No
2. Jenis tokoh	2. Tokoh
3. Nama tokoh	3. Konsép émosi
4. Watek	4. Cutatan carita
5. Cutatan carita	5. Kaca
6. Kaca	

Psikoanalisis

1. No
2. Tokoh
3. Cutatan carita
4. Kaca
5. Karakter
6. Aspék psikoanalisis

3.4.2 Teknik Ngumpulkeun Data

Ngumpulkeun data dilakukeun sanggeus maca karya sastra kalayan gemet. Ngumpulkeun data miboga tujuan sangkan gampang nganalisis. Lian ti éta ogé, panalungtik bakal leuwih gampang tur akurat dina meunangkeun data. Data anu dikumpulkeun dina ieu panalungtikan, bisa dicangking ku cara niténan kapribadian tokoh ngaliwatan teks dialog antar tokoh atawa teks narasi nu aya dina novel. Sakabéh nu jadi pamikiran, dialog, sarta kutipan jeung ungkapan tokoh, jadi data nu utama.

3.4 Analisis Data

Dina nganalisis data, ieu panalungtikan ngagunakeun teknik analisis kalayan pamarekan psikologi. Teknik ieu tujuanana pikeun néangan jeung nangtukeun tokoh utama pikeun ngadeskripsikeun kapribadian tokohna, nepi ka bisa dipikanyaho naon anu mangaruhan kapribadian tokoh nu aya dina novel *Prasasti nu Ngancik na Ati* karangan Popon Saadah.

Dina ieu panalungtikan, nu dianalisis nya éta kapribadian tokoh Rinéga, Prasasti, jeung Fauzan kalayan ngagunakeun tiori nu geus ditangtukeun. Hasil analisis data ieu dipiharep bisa ngaréngsékeun masalah nu diajeukeun.

3.6 Deskripsi Novel *Prasasti Nu Ngancik Na Ati*



Gambar 3.1 Novel *Prasasti nu Ngancik na Ati*

Novel *Prasasti nu Ngancik na Ati* mangrupa novel mimiti nu ditulis ku Popon Saadah. Ieu novel téh diterbitkeun ku Green Smart Book bulan April 2013 nu kandelna 113 kaca, tur ukuranana 20 cm jeung 14 cm téh. Dina ilustrasi jilid ieu novel aya kembang ermawar beureum nu ngagolér dina taneuh. Jilid ieu novel didominasi ku warna héjo tur warna tulisanna ngagunakeun warna beureum. Novel *Prasasti nu Ngancik na Ati* geus ngalaman dua kali dicitak, nya éta citakan nu kadua bulan Maret 2014, nu masih diterbitkeun ku Yayasan Pendidikan Insan Berbakti (YPIB) Green Smart Book. Beda jeung citakan mimiti, citakan novel nu kadua mah kandelna 120 kaca tur dina runtuyan caritana aya episode.

Novel hasil karancangéan Popon Saadah téh dilélér hadiah Samsudi 2014. Éta hal bisa katangen sabab dina sampul hareupna ditembrakkeun dina tulisan “DILÉLÉR HADIAH SAMSUDI 2014”, anu perenahna di handapeun gambar ermawar beureum nu ngagolér na taneuh. Tuluy di handapeun tulisan penghargaan, aya tulisan jenis novel dumasar umur nya éta novel rumaja.

Dina kaca 1, aya judul novel, tur aya tulisan wujud kadeudeuh pangarang ka anak-anakna kalayan luhur jeung handapna aya gambar amplop. Dina novel

Prasasti nu Ngancik na Ati ieu, perenahna dina kaca 5, aya pangbagéa ti sababaraha inohong nya éta, pangbagéa ti Aan Merdeka Permana salaku pangarang novel Perang Bubat versi anyar, jeung Aan ogé mangrupa Pingpinan Rédaksi majalah Sunda Ujung Galuh, tuluy aya pangbagéa ti Prof. Dr. Iskandarwassid salaku sastrawan jeung dosén pascasarjana UPI, jeung hiji deui pangbagéa ti DR. Asep Salahudin salaku esais, dékan FSY IAILM, jeung dosén UIN Bandung.

Mimiti rék nincak kana carita, dina kaca 7 aya gambar écéng kalayan dua cingcin di luhurna tur dikurilingan ku dangdaunan. Carita ieu novel dina episode kahiji dijudulan “Miasih” dina kaca kaca 9 nepi ka kaca 33, episode kadua dijudulan “Honcéwang” nu perenahna aya dina kaca 34 nepi ka kaca 59, episode kaopat dijudulan “Ngoléambar” nu aya dina kaca 60 nepi ka kaca 74, jeung episode nu pamungkas nya éta dijudulan “Panceg” nu aya dina kaca 75 nepi ka kaca 119. Dina ieu novel, pangarang lain waé tapis dina ngulinkeun kecap, ngawangun dialog anu hirup, tapi ogé ngawarnaan ieu novel ku cara ngasupkeun basa daérah séjén nya éta basa batak toba. Ku kituna, sangkan nu maca babari dina ngahartikeun basa batak nu aya dina leunjeuran carita, satamatna carita, aya catetan nu mangrupa kamus leutik pikeun ngahartikeun basa batak nu aya dina carita. Dina jilid tukangna, aya sinopsis novel, foto, biografi pangarang, penerbit buku, jeung *barcode* buku.

3.7 Prosedur Panalungtikan

Prosedur panalungtikan nurutkeun Suyatna (dina Muda'im, 2013, kc. 47) nya éta mangrupa tarékah atawa cara anu kudu dilakonan kalayan ngagunakeun métode nu tangtu, anu satemenna bisa ngahontal tujuan dina hiji panalungtikan. Data anu ditalungtik nya éta novel *Prasasti nu Ngancik na Ati* karangan Popon Saadah. Sabada data kakumpul, tuluy dianalisis kalayan téhnik ieu di handap.

a. Tahap Déskriptif

Tahap déskriptif nya éta tahap ngadeskripsikeun jeung ngaidentifikasi data anu geus kakumpul, tuluy dipatalikeun jeung masalah nu rék ditalungtik. Dina ieu

panalungtikan, anu mimiti didéskrripsikeun nya éta eusi novel *Prasasti nu Ngancik na Ati* dina wangun sinopsis.

b. Tahap Klasifikasi

Tahap klasifikasi nya éta ngawilah-wilah data nu geus didéskrripsikeun dumasar kana masalah nu rék ditalungtik. Dina ieu panalungtikan anu engkéna baris dianalisis nya éta kapribadian tokoh nu aya dina novel *Prasasti nu Ngancik na Ati* karangan Popon Saadah.

c. Tahap Analisis

Tahap analisis nya éta tahap pikeun nganalisis dumasar data anu geus diklasifikasi. Dina ieu panalungtikan, novel *Prasasti nu Ngancik na Ati* dianalisis karaktér tokohna, nu engkéna jadi dadasar pikeun nganalisis unsur psikologina.

d. Tahap interpretasi

Tahap interpretasi nya éta tahap napsirkeun data nu geus dianalisis. Tujuan tahap interprétasi nya éta pikeun ngahontal pamahaman anu luyu jeung tujuan panalungtikan. Indikator-indikator anu baris ditapsirkeun dina ieu panalungtikan nya éta ngeunaan karaktér tokoh, konsép émosi, jeung psikoanalisis kapribadian Sigmun Freud

e. Tahap Évaluasi

Tahap évaluasi nya éta tahap ngajén ulang kana hasil analisis data, sangkan data nu geus dianalisis téh kauji bebeneranana tur bisa dipertanggungjawabkeun.